



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK ANDY COHEN LANSE KANPAY POU LEGALIZE
MATÈNITE SIBSTITISYON AK ENTÈDI DEFANS PANIK OMOSEKSYÈL
AK TRANSEKSYÈL LA AVAN FEN SESYON AN**

Gwoup defans LGBTQ ap rejwenn kanpay k ap grandi Gouvènè Cuomo an

*Legalizasyon Matènite Sibstitisyon ki pa Jenetik la Pral Pèmèt Koup Omooseksyèl
yo ak Koup ki gen Difikilte Fè Pitit yo Konsevwa yon Bebe Atravè Metòd
Pwokreyasyon Asiste*

*Entèdiksyon Defans Legal Panik Omooseksyèl ak Transeksyèl la Pral Entèdi Moun
yo Akize de Krim Vyolan yo Itilize Omofobi ak Transfobi kòm yon Estrateji
Defans Vyab Devan Tribinal yo*

*Yo te Prezante Toude Pwopozisyon yo kòm Eleman nan Bidjè Egzekitif Gouvènè
a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo, ansanm ak direktè ak prezantatè Bravo TV Andy Cohen, jodi a te ralye pou legalize sibstitisyon matènite ak entèdi defans panik kont omooseksyèl ak transeksyèl anvan fen sesyon lejislatif la 19 Jen. Yo te pwopoze toude pwojè lwa sa yo nan kad Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 Gouvènè a men lejislati a pa te adopte yo, epi yo te kite yo pou yo konsidere yo andeyò bidjè a pandan rès sesyon lejislativ la. Nan 30 Me, Gouvènè a te lanse [kanpay](#) ak [sit wèb](#) ki te dedye a pasaj de pwopozisyon yo anvan fen sesyon an, epi gwoup defans LGBTQ ap rejwenn kowalisyon k ap grandi Gouvènè a.

"Nou se lidè nasyon an, si nou pa lidè entènasyonal, nan kesyon egalite LGBTQ - men nou gen anpil travay pou n fè toujou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ak sèlman sèt jou ki rete nan sesyon lejislatif lan, gen toujou de sijè ki vreman enpòtan nou dwe pase - legalizasyon sibstitisyon ak entèdiksyon defans panik kont omooseksyèl ak transeksyèl. Epi nou dwe fè sa yo reyalize kounye a paske New York se kapital divèsite nan nasyon an epi nou kwè divèsite se pi gwo fòs nou. Nou selebre li, nou pa pè li. Nou kwè mo kat lèt ki pi solid lan se lanmou, epi nou pral kanpe nan non lanmou, kominote, akseptasyon, tolerans, epi nou pral montre nasyon sa a chemen pwogrè an. Sa a se meyè fason pou kòmanse Fyète Mondyal (World Pride), lè nou fè yo pase pwopozisyon sa yo epi New York ap lidè yon lòt fwa ankò."

"New York se kote mouvman dwa moun LGBTQ yo te pran nesans, epi n ap trase chemen an gras a efò nou ap fè pou vanse dwa ak pwoteksyon egal pou tout moun", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Gras a GENDA ak pwojè lwa ki ap entèdi terapi konvèsyon yo ki vin lwa eta a kounye a, nou ap pran mezi pou asire jistis

ak egalite - men nou poko fini. Lejislasyon pou legalize matènite sibstitisyon ak elimine defans 'panik kont omoseksyèl ak transeksyèl' la pral plis vanse efò nou ap fè pou n asire moun LGBTQ yo ka agrandi fanmi yo epitou pou nou pwoteje yo kont zak laèn ak vyolans yo."

Andy Cohen te deklare, "Mwen tèlman fyè pou m kanpe bò kote Gouvènè Cuomo jodi a, epi pou rekonèt travay ekstra-òdinè li an nan non kominote LGBTQ an. Soti nan egalite nan maryaj, ale nan GENDA, pou elimine entèdiksyon nan New York kont sibstitisyon, Gouvènè Cuomo ap asire New York rete kapital pwogresis nasyon an. An 2019, pèsan pa ta dwe abandone lajwa nan elve yon timoun - pa nan yon epòk kote medsin modèn ap reyalize nouvo mirak chak jou, epi nou atenn yon laj akò ki di sèl kondisyon preyalab pou fòme yon fanmi se lanmou. Mwen enpasyon pou m wè Lwa Sekirite Timoun-Paran (Child-Parent Security Act, CPSA) an vini lwa pou fanmi modèn New York yo gen libète ak pwoteksyon pou fòme fanmi, kèlkeswa jan yo kreye yo."

Legalizasyon Matènite Sibstitisyon ki pa Jenetik

Matènite sibstitisyon ki pa jenetik bay koup omoseksyèl yo ak koup ki gen difikilte fè pitit yo kapasite pou yo konsevwa yon bebe avèk èd pwogrè medikal ki genyen nan pwokreyasyon asiste yo. Lwa aktyèl eta a yo non sèlman entèdi matènite sibstitisyon ki pa jenetik, men tou yo pa reyisi defini klèman kiyès ki paran legal yo lè yo konsevwa yon timoun gras a teknoloji pwokreyasyon an. Pou Gouvènè a ka agrandi anplè enklizivite lwa sante repwodiktiv New York yo, li te pwopoze lejislasyon nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an pou retire entèdiksyon ki gen sou kontra matènite sibstitisyon yo, sa ki pral asire pwoteksyon pou tout pati ki konsène yo tou.

Entèdiksyon Defans Panik Omoseksyèl ak Transeksyèl la

Defans panik omoseksyèl ak transeksyèl aktyèl yo pèmèt sila ki responsab pou krim vyolan kont moun kominote LGBTQ yo resevwa yon kondanasyon mwen sevè, epi nan kèk ka, menm evite kondanasyon, lè yo mete kilpabilite a sou oryantasyon oswa idantite seksyèl aktyèl oswa yo pèsevwa viktim lan ka genyen. Adopsyon pwojè lwa sa a pral repare fay jiridik ki gen nan lwa eta ki aktyèlman pèmèt moun itilize defans panik omoseksyèl ak transeksyèl yo aprè yo fin atake lòt moun sou baz yon pèsepsyon, oswa dekouvèt, sèks, idantite seksyèl, oswa oryantasyon seksyèl viktim lan.

Cynara Charles-Pierre te deklare, "Li difisil pou m eksprime ak pawòl doulè ak desepsyon ou santi lè w ap lite ak enfètilite, men istwa mwen an pa inik pou fanm nan New York ak atravè peyi a. Se yon lit anpil nan nou konfwonte anvan nou detèmine sibstitisyon se sèl opsyon nou. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip ekstra-òdinè li an nan kesyon sa a, ki pral pèmèt anpil Nouyòkè viv eksperyans lajwa pou pote yon timoun nan monn sa a, kèlkeswa wout ou chwazi pou reyalize sa".

Glenda Testone, Direktris Egzekitif Sant Kominotè LGBT Vil New York lan (NYC LGBT Community Center), te deklare, "Monn lan ap rekonèt New York kòm avangad istorik nan mouvman dwa LGBTQ yo nan 50yèm anivèsè sa a pou Revòlt Stonewall, epi kounye a sa depann de lejislatè nou yo pou pran aksyon ak pwouve nou toujou lidè jodi a. New York dwe avanse jistis pou moun LGBTQ lè li pase yon entèdiksyon kont defans 'panik' kont omoseksyèl/transeksyèl, pou rann li vin pa posib ankò pou blame viktim LGBTQ pou vyolans layèn ki komèt kont yo. Epi nou dwe modènize lwa New

York lè nou legalize sibstitisyon pou fanmi LGBTQ yo ka gen libète kont pwosesis long, envazif anpil nan yo ap sibi pou vin paran. Nou pa ka pase opòtinite an pou ranfòse pozisyon eta nou an kòm yon chanpyon nan dwa sivil ak imen ane sa a".

Direktè Rejyonal Kanpay Nasyonal Dwa Imen Marty Rouse te deklare, "New York souvan rete nan avangad nan konba pou egalite a. Li vital pou lidè nou yo voye mesaj san ekivòk ki di pa gen pyès jistifikasyon pou vyolans anti-LGBTQ epi pou asire tout paran gen opòtinite pou kòmanse yon fanmi san baryè. Lè nou entèdi sa yo rele defans panik LGBTQ an ak modènize lwa sibstitisyon ta pral rann Empire State lan pi sekirize ak pi akeyan pou moun LGBTQ ak fanmi yo -- epi nou remèsye Gouvènè Cuomo, lejislatè yo ak aktivis yo pou lidèchip brav yo nan kesyon vital sa yo".

Sam Brinton, Prezidan Defans ak Afè Gouvènman nan The Trevor Project te deklare, "Jenès LGBTQ an, espesyalman jèn fanm de koulè ki transeksyèl, kontakte The Trevor Project an kriz ak santiman laperèz pou yo mache nan lari kòm vrè idantite yo. Lwa ki elimine defans 'panik omoseksyèl' lan kanpe kòm yon rapèl vyolans ki baze sou oryantasyon seksyèl oubyen idantifikasyon seksyèl ou pèsevwa pa gen plas nan New York".

Delores Nettles, Manman Islan Nettles, ke yo te touye an 2013 epi moun ki te atake l la te itilize defans panik transeksyèl la, te deklare, "Defans panik omoseksyèl ak transeksyèl la se yon eskiz pou moun entoleran yo ka evite peye pou krim meprizab yo te fè yo, epi li pa gen plas li nan Eta New York. Nenpòt paran ki pèdi yon timoun akòz krim laèn pa dwe pè ke moun ki te atake piti li a ka resevwa kondanasyon mwen sevè oswa menm lage lib akòz fay jiridik pasyal sa a. Mwen rekonesan paske Gouvènè Cuomo ap dirije efò pou entèdi defans sa yo ak pou angajman l pran pou rann New York vin yon kote ki pi an sekirite, ak pi ekitab pou kominote LGBTQ a".

Kelsey Louie, Prezidan Ekzekitif Jeneral, Gay Men's Health Crisis, te deklare, "Pandan n ap selebre Mwa Fyète, n ap apwoche tou yon dèl nan Albany pou reyalize chanjman pou Nouyòkè LGBT. Jodi a, Gay Men's Health Crisis rejwenn Gouvènè Eta New York Andrew Cuomo ak òganizasyon patnè pou mande Lejislati Eta New York lan pou onore 50yèm anivèsè Stonewall la ak aksyon. N ap repete demann pou retire lwa drakonyen sou sibstitisyon epi sa yo rele defans 'panik' kont omoseksyèl ak transeksyèl. Tout moun nan New York, sa enkli koup omoseksyèl, merite dwa pou yo kreye yon fanmi nan yon fason ki fè sans pou yo. Epi moun transeksyèl, patikilyèman fanm transeksyèl de koulè, gen dwa pou yo santi yo an sekirite ak pwoteje - pa atake - atravè lalwa. Eta New York gen yon istwa solid nan avanse lejislasyon ki nesès pou kominote LGBTQ, epi nou mande Lejislati an pou li fè sa ankò sou de kesyon enpòtan sa yo".

Jean Malpas, Fondatè ak Administratè, Pwojè Idantite Seksyèl ak Fanmi nan Enstiti Ackerman, te deklare, "Pandan n ap komemore 50yèm anivèsè revòlt Stonewall lan, li nesès pou n pase refòm fondamantal nan non Nouyòkè LGBTQ. Entèdiksyon eta nou an sou matènite sibstitisyon ak libète legal sou krim anti-omoseksyèl ak anti-transkesyèl rete yon wont, ki baze sou estereyotip akayik ki kontinye koz lapèn pou anpil Ameriken. Nou aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman kontini li an pou egalite".

Ron Poole-Dayan, Direktè Ekzektif, Men Having Babies (Gason k Ap Gen Tibebe), te deklare, "CPSA adere inikman a yon kòd etik asosyasyon fanmi LGBTQ yo andose atravè Etazini, Ewòp ak Azi. Nou fyè ak enspire paske Gouvènè Cuomo se lidè nan kesyon sa a. Ansanm ak eliminasyon defans Panik Omoseksyèl ak Transeksyèl, sa yo se eleman vital nan reyalize egalite konplè pou kominote LGBTQ an. Lejislati a dwe kounye a swiv ekzanp li epi aji anvan fen sesyon lejislatif lan, oubyen riske New York fè pa an aryè sou dwa LGBTQ olye li ale vèlavan".

David Kilmnick, Doktè, Prezidan Rezo LGBT te deklare, "New York pandan lontan te reprezante yon limyè lespwa pou kominote LGBTQ an, epi Gouvènè Cuomo ap kontinye eritaj sa a lè l ap goumen pou legalizasyon matènite sibstitisyon ak yon entèdiksyon sou defans panik omoseksyèl ak transeksyèl. Kòm pi gwo founisè sèvis nan banlye pou kominote LGBTQ nan nasyon an, n ap travay san pran souf pou asire rèv Ameriken an pou gen yon fanmi an rete aksesib pou tout Nouyòkè. Gouvènè Cuomo rekonèt enpòtans kesyon vital sa yo ki pral pote pi gwo egalite pou Nouyòkè LGBTQ yo. Nou fyè pou n viv nan yon eta ak yon lidè ki tèlman angaje pou dwa egal pou tout moun".

Beverly Tillery, Direktris Egzekitiv Pwojè Anti-Vyolans Vil New York la (New York City Anti-Violence Project), te deklare, "Eta New York dwe legalize matènite sibstitisyon ak entèdi defans panik omoseksyèl ak transeksyèl anvan sesyon sa a fèmen. Nou paka tolere moun itilize defans omofobik ak transfobik yo devan tribinal yo. Lè moun revandike yon defans panik omoseksyèl oswa transeksyèl, yo ap jistifye vyolans laèn yo fè a lè yo mete kilpabilite a sou viktim lan, senpleman akòz jan de moun yo ye a. Pwojè lwa sa yo pral chanje lavi Nouyòkè yo toupatou atravè eta a, men avèk inaksyon lejislati a, defans deplorab panik omoseksyèl ak transeksyèl la pral rete an vigè, epi koup omoseksyèl k ap eksplòre matènite sibstitisyon ki pa jenetik yo pral desi yon lòt fwa ankò. Pou eta nou an ka kontinye rete yon lidè nasyonal nan avansman jistis pou tout moun kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl yo, nou dwe fè pa sa a".

Rise Levine, Manm Konsèy, RESOLVE, The National Infertility Association, te deklare, "Fanmi esteril New York yo bezwen opòtinite a pou konstwi fanmi nan yon fason ki sekirize, itilize pwòp doktè pa yo, epi pre lakay yo. Lè a rive pou defèt restriksyon antik ki entèdi Nouyòkè pou pwofite de tout opsyon pou konstwi yon fanmi. Nou tèlman rekonesan devan Gouvènè Cuomo paske li rekonèt nesessite sa a, epi lidèchip li nan legalize matènite sibstitisyon peye nan New York".

Guillermo Chacón, Prezidan, Komisyon Latino sou SIDA (Latino Commission on AIDS), te deklare, "Gouvènè Cuomo rekonèt dwa omoseksyèl ak transeksyèl se dwa imen, epi l ap kontinye konba li an pou plizyè kesyon vital jodi an ki rete tèlman enpòtan pou kominote LGBTQ an. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè a jodi a nan mande aksyon sou de pyès lejislasyon vital sa yo nan men lejislati an. Lè nou legalize sibstitisyon ak entèdi defans panik omoseksyèl ak transeksyèl, n ap pran yon lòt pa vital ankò vèlavan nan direksyon pou kreye yon New York ki reyèlman egal pou tout moun".

Mohamed, Q. Amin, Fondatè ak Direktè Ekzekitif, Pwojè Karibeyen pou Egalite (Caribbean Equality Project), te deklare, "Se yon wont pou an 2019 lidè lejislatif nou yo pa pran aksyon pou retire lwa antik ak diskriminatwa sa a nan liv yo. Defans 'panik omoseksyèl ak transeksyèl la' sèlman sèvi pou kenbe nou dèyè, li defèt pwogrè gwo eta sa a te fè nan sans pote egalite pou kominote LGBTQ an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou tout bagay li te fè pou avanse dwa Nouyòkè LGBTQ tout kote. N ap mande lejislati Eta NY lan pou l afime ak pwoteje lavi Queer ak TGNC Nouyòkè Karibeyen lè li san ekivòk kanpe kont vyolans ki motive ak layèn kont LGBTQ".

Amanda Babine, Direktè Politik ak Pwogram nan Gwoup Defans Transeksyèl nan New York (New York Transgender Advocacy Group), te deklare, "Ak jist sèt jou ki rete pou sesyon lejislatif lan, li rete vital pou nou pase entèdiksyon sou defans 'panik omoseksyèl ak transeksyèl' lan. Ane sa a sèlman, 10 fanm de koulè transeksyèl te jwenn lanmò, youn isit la menm nan New York. Nou sipòte tou legalizasyon matènite sibstitisyon ki pral ede fanmi LGBTQI devlope ak pwospere isit la nan New York. Toulède pwojè lwa sa yo pral amelyore dwa Nouyòkè LGBTQ yo. Nou pa ret tann pou 2020 - oubyen pi lwen- pou nou korije bagay yo. Gwoup Defans Transeksyèl nan New York kanpe ak Gouvènè Cuomo pandan l ap defann koz sa a epi nou ankouraje lejislasyon nou yo pou pase lwa sa yo anvan yo kite Albany pou ane a".

Richard Burns, Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Lambda Legal la, te deklare, "Legalizasyon matènite sibstitisyon ki pa jenetik ak eliminasyon defans legal Panik Omoseksyèl ak Transeksyèl la nan New York, se kèk nan pwochèn etap n ap pran pou nou pote egalite konplè pou kominote LGBTQ a. Li esansyèl pou moun LGBTQ nan New York yo kapab fòme fanmi amoure yo epi pou mete fen nan sik vyolans mechan sa a ke 'panik omoseksyèl' ak 'panik transeksyèl' ke yo swadizan rele defans lan, kont kominote nou yo Lejislati a dwe aji avan fen sesyon an sou pwoblèm sa yo, oswa New York ap riske fayi a repitasyon l kòm eta lidè nan pwomosyon egalite pou LGBTQ yo. Lambda Legal ap felisite Gouvènè a pou gwo defans pisan l ap fè pou pwoblèm sa yo".

Pandan dire administrasyon li an, Gouvènè Cuomo te toujou ap defann dwa LGBTQ yo, notaman adopsyon Lwa sou Egalite sou Plan Maryaj la (Marriage Equality Act) an 2011. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a te siyen Lwa sou Non-Diskriminasyon Akoz Ekspresyon Sèks la (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA), sa k ap entèdi anplwayè yo, enstitisyon edikasyonèl yo, pwopriyetè kay yo, kreditè yo, ak lòt moun yo diskrimine kont moun sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl, epi rann enfraksyon yo komèt sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl yo kòm krim laèn dapre lwa Eta New York la. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon k ap entèdi pratik terapi konvèsyon an gras a agrandisman definisyon move kondwit pwofesyonèl pou pwofesyon ki gen lisans dapre lwa sou edikasyon an pou gen ladan angajman nan terapi konvèsyon an ak yon pasyan ki gen mwens pase dizwit tan daj.

Pi resaman, an previzyon pou demantèlman dispozisyon enpòtan Lwa sou Swen Abòdab la yo (Affordable Care Act), Gouvènè Cuomo te mande Depatman Sante a (Department of Health) pou yo pibliye règleman k ap entèdi pwofesyonèl swen sante yo diskrimine kont pasyan transeksyèl yo, epi li te mande Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services) pou yo pibliye règleman k ap agrandi pwoteksyon anti-diskriminasyon yo pou moun transeksyèl yo lè y ap chache jwenn aksè a asirans

medikal. Li te bay konsiy sa yo kòm repons dirèk kont pwopozisyon Administrasyon Trump lan pou anile yon règleman federal ki presize ke pwoteksyon non-diskriminatwa nan Lwa sou Swen Abòdab la ki baze sou sèks yo gen ladan yo tou pwoteksyon ki baze sou idantite seksyèl. Lè yo retire pwoteksyon sa yo, anviwon 90,300 moun New York ki transeksyèl pral ekspoze a diskriminasyon ki enjis, flagran epi ilegal.

An repons dirèk a gouvènman federal la ki te vle anile pwoteksyon federal yo pou etidyan ki transeksyèl yo an 2017, Gouvènè a te mande Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) pou yo pibliye yon enstriksyon pou distri eskolè yo ki ap ranfòse pwoteksyon kont diskriminasyon ak asèlman ke etidyan ki transeksyèl yo te sibi anba Lwa Eta New York la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)